**ÓZBEKISTAN RESPUBLIKASÍ INFORMACIYALÍQ TEXNOLOGIYALARÍ HÁM KOMMUNIKACIYALARÍN RAWAJLANDÍRÍW MINISTRLIGI**

**MUHAMMED AL – XOREZMIY ATÍNAǴÍ TASHKENT INFORMACIYALÍQ TEXNOLOGIYALARÍ UNIVERSITETI NÓKIS FILIALÍ**

Informaciyalıq texnologiyaları kafedrası

Kompyuter injiniingi (Kompyuter injiniringi) baǵdarı

Jaqlawǵa ruxsat
Kafedra baslıǵı
Aytmuratov B.Sh.
2017 j. «___»____________

**«JavaScriptti qollanıp HTML tiykarında "Sawda sanaat palatası" web-saytın islep shıǵıw»**

temasındaǵı

**PITKERIW QANIYGELIK JUMÍSÍ**

Pitkeriwshi: ________________Embergenov B.B.

Ilimiy basshı: ________________ T.Baekeev

Nókis -2017

**MAZMUNÍ**

Kirisiw ........................................................................................ 3

1§. Web saytlardı jaratıw ushın tiykarǵı túsinikler .............................................. 5

2§. HTML gipertekstli hújjetlerdi belgilew tili ........................................ 9

3§. JavaScript web programmalastırıw tiliniń web-sayt jaratıwdaǵı áhmiyeti ..... 19

4§. Sayt jaratıwdıń tiykarǵı qaǵıydaları hám basqıshları. .................................... 23

5§. Adobe Dreamweaver programması járdeminde web sayt

jaratıw izbe-izligi .......................................................................................... 32

Juwmaqlaw ....................................................................................................... 46

Paydalanılǵan ádebiyatlar ................................................................................ 47

Qosımshalar ...................................................................................................... 48

## KIRISIW

Búgingi kúnde respublikamızda kompyuter texnologiyaları hám internet tarmaǵın rawajlandırıwǵa úlken áhmiyet qaratılıp atır. Bulardan kelip shıǵıp, bilimlendiriw sistemasında oqıw orınlarında informatika hám informaciyalıq texnologiyalar pánleriniń oqıtılıwı, anıǵıraq aytatuǵın bolsaq tálim beriw salasında aralıqtan oqıtıw usıllarınan paydalanıw dáwır talabı bolıp barmaqta.

Web – hújjetlerdi jaratıwdı úyreniw, aralıqtan oqıtıw sistemaların jaratıw, internet tarmaǵı arqalı informaciyalar almasıw ushın imkaniyatlar jaratıp beriw aktual máselelerden biri bolıp tabıladı. Álbette bunday múmkinshiliklerdi jaratıw ushın jetkilikli dárejede programmalıq kónlikpelerge iye bolıwımız zárúr. Hár bir paydalanıwshı wóziniń Web-betin jaratıw ushın wózine say bolǵan programmalıq táminleniwlerdi tańlap alıwı zárúr. Bul programmalıq táminleniwler arnawlı HTML redaktorlar bolǵan MS Front Page, Adobe Dreamweaver, Allaire Home Site, Ist Page 2000 hám.t.b. programmaları bolıwı múmkin, yamasa tikkeley HTML teglar járdeminde Web –betledi jaratıw ushın ápiwayi tekstli redaktorlar (Bloknot, WordPad) dan paydalanıwı múmkin.

Tekstli redaktorların úlken emes bolǵan betler ushın paydalanıwǵa boladı, sebebi olardıń kóp kemshilikleri bar, mısal ushın: proektler qollap - quwatlanbaydı, teksttiń «podsvetkası» joq, h.t.b. Demek, bul redaktorlar menen tek ǵana HTML tilin jaqsı meńgergen qánigeler islesiwi múmkin.

Bul jumısta biz Web – hújjetlerin jaratıw izbe-izligi, saytlardı jaratıwdaǵı dáslepki túsinikler, proektlestiriw, strukturasın tańlaw, dizaynin jaratıwda paydalanılatuǵın programamlıq qurallar, internetke jaylastırıw, HTML tili, sonday – aq vizual Adobe Dreamweaver HTML redaktorı haqqında sóz etemiz. Kóplegen Web - sayt islep shıǵarıwshıları Dreamweaver eń qolaylı HTML redaktorı dep esaplaydı, sebebi bul redaktor Web – hújjetler jaratıwdı jańa baslap atırǵan Web – dizaynerlerge de, tájiriybeli programmistlerge de qolaylı bolıp tabıladı.

Bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı «JavaScriptti qollanıp HTML tiykarında “Sawda sanaat palatası” web saytın islep shıǵıw» temasında bolıp, kirisiw

bóliminen, bes paragraf hám oǵan qosımsha, juwmaqlaw bóliminen jáne paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

Pitkeriw qánigelik jumısta Web sayt hám onıń dizaynin jaratiwdıń programmalıq quralları, jaratılǵan web betlerdi internete jaylastırıw, web sayt hám onıń dizaynin jaratıwda Adobe Dreamweaver programması múmkinshiliklerinen keńirek paydalanıldı.

Pitkeriw qánigelik jumıstıń ámeliy bóliminde Adobe Dreamweaver HTML redaktorı múmkinshiliklerinen paydalanılıp "Sawda sanaat palatası" saytı islep shıǵıldı.

## 1§. Web saytlardi jaratiw ushin tiykarǵi túsinikler

Web katalog - bul web betlerdi hár qiyli temalari boyinsha toparlarǵa ajiratiwshi web uzel. Web betler - bul tarmaqta kóriw ushin arnawli túrdegi formatlanǵan tekstli fayllar, al Web uzel - bul betlerdi óz-ara baylanistiriwshi jiynaq. Web uzelge jalǵanǵanda birinshi kórinetuǵin bet bas bet dep ataladi. Betler óz-ara giperbaǵitlar (gipersiltemeler) arqali baylanisqan. Giperbaǵit - bul bir sózdi yaki obektti basiw arqali ekinshi bir betlke ótiw. Demek, Web uzel jaratiw waqtinda giper baǵitlardi aniq kórinetuǵin hám túsinikli etip jaylastiriw bir qansha áhmiyetli.

Web-betti jaratiwdi baslawda eń dáslep Web-bet qanday tiptegi maǵliwmatlar menen toltirilatuǵinliǵin aniqlaw kerek. Web betlerde tómendegi komponentler qatnasiwi mumkin:

- Tekst
- Suwretler
- Animaciyaliq grafika
- Audiofayllar
- Videofayllar

Bul komponentlerdiń barliǵin qollaniw web betti bir qansha quramalastiradi. Kópshilik web betler tekstler hám suwretlerden ibarat.

Jańa proekt jaratiwda programmaliq támiynleniwge qoyilatuǵin talaplar tómendegishe:

- HTML kodlarin qayta islewshi tekstli redaktorlar (Bloknot, NotePad);
- Arnawli programmalar (Adobe Dreamweaver, Bootstrap Studio h.t.b.);
- Vektorli hám rastrli grafikaliq redaktorlar (Adobe Photoshop, Paint);
- Brouzerler(Internet Explorer, Google Chrome, Mozilla);

Web-betlerdiń grafikaliq komponentlerin tiykarǵi 3 kategoriyaǵa ajiratiw múmkin. Qosimsha tekst hám fotografiyalarǵa iye illyustrativ grafika, túsindiriw ushin qollanilatuǵin sizilma, sxema, súwret hám basqariw elementleri; Dekorativ

grafika Web_betti bezew ushin qollanilatuǵin elementler (fonliq súwretler, bóleklerge ajiratiwshi siziqlar, fayldiń grafikaliq baslamalari h.t.b.).

Web betler jaratiw eki etaptan ibarat. Materiallardi tayarlaw hám usi materiallarǵa paydalaniw huqiqin (bul web betlerdi kóriwge ruxsat) jaratiw. Materiallar tayarlaw – bul HTML tilinde jazilǵan Web-bettegi maǵliwmatlardi jaziw. Al paydalaniw huqiqin támiyinlew degende www tarmaǵinda server xizmetin atqariw túsiniledi.

Web hújjette maǵliwmatlar gipertekst (obektler, giperbaǵitlar, illyustraciya h.t.b.) kórinisinde boladi. Web betlerdi jaratiwda betlerdiń mazmuni, grafika hám reńlerden paydalaniw, texnologiya, júkleniw tezligi, navigaciya jumislarin shólkemlestiriwde tómendegilerdi umitpaw kerek menyu punktleri 5-7 den aspaǵani maqsetke muwapiq, birinshi bettiń dizayni azǵana bolsada basqa betlerdiń dizayninan ayriqsha boliwi kerek, web betke qoyilatuǵin grafikaliq kórinislerdiń formati jpg, jpeg hám gif kórinisinde boladi, paydalaniwshi serverdiń qálegen jerinen saytińizdiń qálegen jerine bara aliwi kerek. Úlken kólemdegi maǵliwmatti mayda bóleklerge bólgen maqul, maǵliwmat bir ekran beti kóleminde bolǵani maqsetke muwapiq, gipersiltemeniń reńi fon reńi menen birdey bolmawi kerek, Web betlerdi jaratqanda keyinshelik olarǵa ózgeris kirite alatuǵin etip dúziw kerek, birinshi bette sayt mazmuni, ishindegi materiallar, avtorlar haqqinda maǵliwmat berip qoyǵan maqul, bette artiqsha animaciya obektleri bolmaǵani maqul, sebebi olar kózdi sharshatadi hám bettiń júkleniw tezligi páseyip ketedi, sayttaǵi grafika hám animaciya obektleri tek ǵana járdemshi qural retinde qollanǵani maqul, sebebi kóp paydalaniwshilar internette sayaxat etiwdi tezletiw maqsetinde grafikaliq kórinislerdi «wóshirip taslaw» rejimin ornatip qoyadi, bas hárip penen terilgen tekstten paydalanbań, freymlerden paydalanbaǵan maqsetke muwapiq.

## 2§. HTML gipertekstli hújjetlerdi belgilew tili

HTML - Hyper Text Markup Language «giper tekstti belgilew tili», bul internettiń fundamental, bazaliq texnologiyasi bolip tabiladi. HTML web ortaliǵinda gipertekstli hújjetlerditlerdi jaratiw ushin arnalǵan standart til. HTML hújjetlerdi hár qiyli tiptegi web – brouzerler menen kóriwge boladi. HTML shriftlerdi, siziqlardi hám hár qiyli grafikaliq elementlerdi paydalanip qálegen sistemalarda olardi kórsetiw ushin formatlaw múmkinshiligin beredi. HTML – bul programmalastiriw tili emes, ol betlerdi belgilew, belgili bir túrdi elementlerge beriw tili bolip esaplanadi. ol jánede lokal yamasa tarmaqtaǵi hújjetlerge, misalǵa internet tarmaǵinda jaylasqan hújjetlerge ssilkalar beriw ushinda qollaniladi.

HTML standarti hám Web ushin arnalǵan basqa standartlar W3C (World Wide Web Consortium) konsorciumi basshiliǵinda islep shiǵilǵan. Standartlardi, specifikaciyalar hám jańa proektler usinisin http://www.3w.org/ saytinda tabiwǵa boladi. Házirgi waqitta tiykarǵi brauzerler tárepinen támiyinleniwi hárdayim ósip kiyatirǵan HTML 5.0 specifikaciyasi ámelde qollanilmaqta.

**HTML redaktorlaw qurallari.** HTML hújjetler ápiwáyi tekstli ASCII-fayllar bolip tabiladi. Bul degeni olardi jaratiwda qálegen tekstli redaktordan paydalaniw múmkin, hátteki minimal múmkinshilikleri menen de. HTML redaktorlaw ushin jaratilǵan arnawli qurallar bar. olar waqitti tejew múmkinshiligin beredi, qaytalaniwshi operaciyalardi orinlaw ushin tez shaqiriwshi klavishalar jaratilǵan, misalǵa, hújjettiń baslanǵish ornatiwlarin beriw, tablicalar yamasa ápiwáyi tekstke stil' beriw siyaqli.

**WYSIWYG avtorliq qurallari.** Aqirǵi jillari bazarda avtorliq qurallar tez ósiwin xarakterleydi. WYSIWYG (What You See Is What You Get – neni kórseń soni alasań) klassina tiyisli HTML redaktorlar, HTML jaziwdi kóbirek tekstti redaktorlaw yamasa betlerdi belgilew programmalarina uqsaǵan grafikaliq interfeyske iye. Bul programmalardiń basli maqseti paydalaniwshilardi HTML teglerden azat etiwden ibarat edi. Házirgi kúnde olardiń orni joqarilap kelmekte, sebebi olar sol waqittiń ózinde HTML kodin kóriw múmkinshiligin jarata otirip effektivlikti hám hújjetlerdi jaratiwda avtomatlastiriw dárejesin arttiradi.

Házirgi waqittaǵi taniqli kóp paydalanatuǵin WYSIWYG-redaktorlar bular Adobe Dreamweaver, Bootstrap Studio, Golive CyberStudio (tek Macintosh komp'yuterler ushin), Microsoft FrontPage, FileMaker Claris, Home Page, Adobe PageMill.

**HTML tegler.** HTML hújjetler tekstler (bettiń mazmuni) hám struktura haqqinda instrukciyalar, sirtqi kórinisi hám funkciyalardiń ornatilǵan teglerinen turadi.

HTML tegler shártli túrde eki kategoriyaǵa bólinedi.

- hújjettiń denesi toliǵi menen Web brauzerde qalay kórinetuǵinin aniqlawshi tegler
- hújjettiń uliwma qasiyetin aniqlawshi tegler, mis: hújjettiń avtori, kóbinshe izlew mashinalari ushin arnalǵan tegler h.t.b.

Este saqlań, HTML diń eń áxmiyetli múmkinshiligi sonda, sizdiń hújjetińiz Web brauzerdiń hár qiyli tiplerinde hám hár qiyli platformalarda kóriliwi múmkin.

**HTML tili uliwma strukturasi.** Hár qiyli basqa programmalastiriw tillerindegidey, HTML de ózine sáykes programma dúziwdiń standart strukturasina iye. Basqa programmalastiriw tillerinen ózgeshe, HTML diń orinlaniwshi buyriqlari «woperatorlar», «komandalar» yaki «funkciyalar» dep atalmaydi, ol óziniń atina iye yaǵniy **«tegler»** (ing «tag» - belgilew). Solay etip HTML diń ápiwayilastirilǵan strukturasi tómendegi kóriniske iye (1-súwret).




(1-súwret. HTML xújjettiń ápiwayilastirilǵan strukturasi.)

**Tegler izbe-izligi principi. Tegler haqqinda túsinik.** Birinshiden bizler teglerdiń qalay jaylasiwin bilip aliwimiz kerek. Sebebi kópshilik tegler eki bólimnen turadi, birinshisi ashiliwshi teg(<…> - hám ol parametrlerdi de ózinde saqlaydi), ekinshisi jawiliwshi teg yaǵniy aqiri(</…> tamam). Berilgen parametrler tek tegtiń basi menen aqiri arasinda tásir jasaydi, yaǵniy tek teg ishinde:

```
<div>
    <div>
        <h1>Tegler</h1>
    </div>
    <div>
        <h2>Tegler</h2>
    </div>
</div>
```

Tegler qansha ishinde jaylasqan bolsa olarǵa sonsha muǵdarda joqarsindaǵi tegler tásir jasawi múmkin, biraq geybir waqitlarda aldińǵi teglerde berilgen parametrler sonińishinde jaylasqan tegke de tiyisli boliwi múmkin. Jáne bir názerde tutiw kerek bolǵan nárse ishinde jaylasqan teglerdiń geybir parametrleri sirtindaǵi teglerge de tásir jasawi múmkin, misalǵa ish-ishine jaylasqan tablicalar,

ishindegi tablicanıń ólshemi 60 piksel bolsa onda sirtindaǵi tablicanıń ólshemi 60 pikselden kem bolmawi kerek. Solay etip ishinde jaylasqan tablica sirtindaǵisin keńeytedi. Soniń menen birge eger oniń ólshemi berilmegen bolsa, al ondaǵi tekst kólemi kóp bolsa, onda aldinǵi úlken tablicani sol tekst qatarlariniń kópligi kórinetuǵin ólshemge shekem keńeytedi. Bul keri baylanis dep ataladi.

HTML tegleri múyeshli qawislar ishinde jaziladi, olardiń jaziliw sintaksisi mina kóriniske iye **<teg>**. Bul qawistiń ishine alinbaǵan basqa elementlerdi interpretator tekstli element sipatinda qabillap ekranǵa solay shiǵaradi. «/» bul belgi tegten aldin qoyilsa onda ol teg jawiliwshi teg ekenin ańlatadi, aytilǵanday joqarida kópshilik tegeler ashiliwshi hám jabiliw teglerden turadi. Bunday teglerdiń uliwma kórinisi tómendegishe:

**<teg> Tegler </teg>**

Geybir tegler bar, olar aqirǵi jawiliwshi tegi bolmaydi, misalǵa **<br>** bir qatar tómen túsiriwshi teg, **<hr>** uzin siziq sizatuǵin teg, h.t.b.

Uliwma HTML teglerdiń oziniń atributlari menen birge jaziliw sintaksisi tómendegishe:

**<teg 1-atribut_ati="mánisi" ...> ... </teg>**

**Atributlar.** Hár bir teg ushin múmkin bolǵan atributlar kópligi belgileniwi múmkin. Kópshilik tegler bir yamasa bir neshe atributlar qabil etiwi múmkin, yaki uliwma atributi bolmawida múmkin. Tirnaqsha ishindegi qatarda tirnaqsha bolmawi kerek, eger qatarda ekilik tirnaqsha ushirassa onda sirtqi tirnaqshani birewlik tirnaqshaǵa ózgertiw kerek hám kerisinshe.

Atribut mánislerin tirnaqsha qoymay jaziwǵada boladi, eger tómendegi simvollardan tursa:

- latin alfaviti simvollari (A – Z , a - z),
- cifr (0 - 9),
- waqit araliǵI,
- defis (-),

**Jaziliw registri.** HTML teglerin jazǵanda brauzer interpretatori <HEAD>, <head>, <Head>, <hEaD>, <HeAd> qatarlarin birdey qayta isleydi yaǵniy ol bas hárippe kishi hárippe áhmiyeti joq, siz ózińizdiń kóz qarasińizǵa qarap islew múmkinshiligine iyesiz.

**Web bettiń toliq kóriniwin támiyinlew.** Fiksirlengen ólshemdegi web-betlerdi islegende, olar ushin ekran ólshemin tańlaw kerek boladi. Bunda kórinip turipti, web-bet maksimal sandaǵi paydalaniwshilar kóriw múmkinshiligine iye boliw kerek. Buniń ushin kóp paydalanatuǵin displey ólshemin aniqlap aliw kerek hám web-bet barliq jumis keńisligin toliq iyelep turatuǵin etip web-betti islew kerek.

Web-betti iykemlesken yaki hamme ólshemde kórinetuǵin qilip jaratqan maqul. Buni islew ushin kodtaǵi uzinliq-biyklik ólshemlerin payizda kórsetiw kerek, sonda web-betimiz qálegen ólshemdegi displeydiń tek payizina qarap jumis keńisliginde orin iyeleydi.

**HTML 5.0.** HTML 5.0. specifikaciyasinda Web-betti keń sheńberdegi paydalaniwshilarǵa kóriw múmkinshiligin jaratiw ushin arnalǵan bir qatar jańa atributlar hám tegler kiritilgen. Bul múmkinshiliklerdiń toliq dizimi http://www.w3.org/ saytinda jaylasqan, al HTML 5.0 versiyasiniń toliq specifikaciyasi http://www.w3.org/TR/REC-html40 saytinda jaylasqan.

**CSS.** Stillerdiń kaskadli tablicalari yaki CSS (ingliz tilinen Cascading Style Sheets) HTML diń keleshektegi rawajlaniwiniń dawami bolip tabiladi hám bizlerge maǵliwmatlardi kórsetiwdiń keyingi dárejesine ótiw múmkinshiligin beredi. Stiller tablicasi mazmuniniń mánislerin hám oniń ólshemlerin bóliw múmkinshiliklerin jaratadi.

CSS3 (Cascading Style Sheets, Level 3) – stillerdiń kaskad tablicasiniń eń keyingi rekomendaciyasi, grafikasiz hám vizualsiz qurilmalarda betlerdiń jaqsilanǵan interpretaciyasi ushin mezanizmlerdi beredi. Bul haqqinda 3-bólimde toliǵiraq toqtalip ótemiz.

**Tekstlerdi web-betlerde kórsetiw.** Web ushin professional grafikalardi jaratqanda qirlari tegislengen tekstler qollaniladi. Tegislew – bul tegis emes

qirlardiń jeńil juwiliwi. Tegislenbegen qirlar kerisinshe tekshe hám tisli bolip kórinedi. Bul uliwma qaǵiydalardan kirmeytuǵin júdá kishi ólshemdegi tekstler (10 punkt hám onnan kishi), bulardiń tegislegende tekstti ayiriw qiyin bolip qaladi. Kishi ólshemdegi tekstler tegislewge qaraǵanda tegislewsiz jaqsi kórinedi.

Shriftlerdiń eki komplekti. Web betlerdi jaratqanda HTML bazaliq qollanbasinda eki komplekt shriftlar bar: fiksirlengen enli hám proporcional shriftler. Bul jerde másele tek, bulardi kórsetkende qaysi birin hám qanday ólshemde paydalaniw kerek ekenliginde turipti.

Proporcional shrift – basqasha aytqanda "wózgeriwshili enli shrift" hár bir simvol ushin siziliwina qarap hár qiyli kólemdegi orin ajiratiladi. Misalǵa, proporcional shriftta "W" bas háribi "I" háribine qaraǵanda gorizontal boyinsha kóp orin iyeleydi. Times, Helvetica hám Arial siyaqli garniturlar proporcional shriftlarǵa misal bola aladi.

Fiksirlengen enli shriftler shrifttiń barliq simvollari ushin birdey orin ajiratadi. "W" bas háribi "I" háribine qaraǵanda kóp orin iyelemeydi. Fiksirlengen enli shriftlerge Courier hám Monaco garniturlari misal bola aladi. Web-brauzerlerde bul shriftler qálegen tekstti mina HTML tegler ishinde kórsetiliwi ushin qollaniladi: <rge>, <tt>, <code>, <kbd>,<samp>, <xtr>.

**Shrift ólshemi.** Ádette shrift ólshemleri punktlerde (72 punkt (pt) = 1 dyuym shrift biyikliginde) aniqlanadi, biraq, tilekke qarsi bul ólshemler platformalar arasinda tuwri ózgere almaydi. Bul máseleniń payda boliw olardiń operacion sistemalari hár qiyli múmkinshiliktegi displeyler arqali basqariladi.

Microsoft shriftlari ushin joqarida aytilǵanlar tuwri kelmeydi, hám ekranǵa shiqqanda shrift ólshemi úlken, bul displeyde oqiliwin jeńisllestiredi. Nátiyjede Windows taǵi 12pt ólshem baspadaǵi 16 punkt ólshemge teń boladi. Windows ta 12pt baspa ólshemin aliw ushin sizge 9pt ólshemdegi shriftti tańlawǵa tuwra keledi.

## Grafikaliq kórinisler hám grafikaliq formatlar.

Házirgi waqta Web tegi derlik barliq súwretler eki formata kórsetilgen: gif hám jpeg. Úshinshi qarsilasi png formati, brauzerlerdiń kóteriwi hám diqqati ushin

gúrespekte. Endi onlaynli grafikaliq formatlar «úlken úshlik» penen qisqasha tanisip ótemiz.

**GIF**. GIF – Grafic Interchange Format web fayllardiń tradiciyaliq formati depte atasaq boladi. ol Web brauzerler tárepinen birinshilerden bolip támiynlegen fayllardiń formati bolip esaplanadi, hám házirge deyin web tiń tiykarģi grafikaliq formati bolip qalmaqta.

Woniń qasiyetleri tómendegilerden ibarat:

✓ 256 reńdi támiynley aladi;

✓ Reńler palitrasinan paydalanadi;

✓ Potokli format bolip esaplanadi, yaģniy súwretti júkleniw waqtinan baslap kórsetedi;

✓ Palitrasindaģi reńlerdiń birewine kórinbeytuģin yaģniy astindaģi reń kórinetuģin (prozrachniy) atribut bere aladi;

✓ Animaciyaliq GIF lerdi jaratqanda bir faylda birneshe súwretti saqlaw múmkinshiligine iye;

**JPEG.** Web tegi ataqli grafikaliq formatlardiń ekinshisi bul JPEG – Joint Photographic Experts Group. ol reń haqqinda 24 razryadli maģliwmatti ózinde tutadi. GIF formatiniń 256 reńinen parqli 16,77 mln reń. JPEG te joģaltiwlar menen qisiladi. Bul degeni, qisiw processinde súwret haqqindaģi geybir maģliwmatlar alinip taslanadi, biraq kópshilik waqitlarda súwrettiń sapasi joģalģani onsha kóp ziyan keltirmeydi qayta kópshilik jaģdayda bilinbey qaladi.

Fotografiyalar hám rastrli súwretlerdi JPEG formatinda saqlaģan maqul, sebebi ol az kólemdegi faylģa joqari sapali súwretti siydiriw múmkinshiligin beredi. Sonda da bir reńli oblastqa iye grafikaliq kórinisler ushin JPEG eń jaqsi sheshim emes, sebebi bul format reńlerdi mayda qorinisler menen qaplaydi hám aqirģi fayl GIF faylģa qaraģanda kólemi kóp boladi

**PNG**. Web te paydalaniw ushin básekelesip kiyatirģan jáne bir format bar. Bul format PNG – Portable Network Graphic, bir qatar múmkinshiligine qaramastan, 1994 j. beri kóp bolsada az bolsada qrańģida qalip kiyatir. Tek jaqinnan baslap brauzerler bul formatti támiyinlewdi basladi, biraq PNG Web te

ataqli format boliwǵa toliq múmkinshilikleri bar. Soniń ushinda bul jerde oni «úlken úshlikke» qosilip turipti. PNG joǵaltiwlarsiz qisiw sxemasinan paydalanip, 8 razryadli indekslew, 24 razryadi toliq reńli kórinislerdi támiyinley aladi. Bul kórinislerdiń eń joqari sapasin támiyinleydi, geyde GIF formatqa salistirǵanda kishi kólemdegi fayllar menen ajiralip turadi. Bunnan basqa PNG fayllar bir qatar ájayip funkciyalarǵa iye, misalǵa, kórinbeslik dárejeleriniń ózgeriwshiligi hám gamma koefficientlerin basqariwdi ózinde tutadi.

**Web-serverler.** Kópshilik jaǵdayda server menen tuwri baylanistan qashiw múmkin emes, hátteki sóz ápiwáyi fayllardi júklew haqqinda bolsa da. Usi sebebli barliq dizaynerler serverler haqqinda bazaliq bilimge hám olardiń jumisi tuwrali maǵliwmatqa iye boliwi kerek. Az bolsada, bul server administratori menen aniqraq baylanisiwǵa járdem beredi. Eger serverge keń múmkinshilikke ruxsatetilgen bolsa, onda belgili bir máselelrdi sirtqi adamlardiń kómegisiz ózligimizshe sheshiwimizge boladi.

Server – bul dokumentlerge yaki basqa da maǵliwmatlarǵa zaprosti orinlaw ushin múmkinshilik beriwshi komp’yuter menen basqarilatuǵin qálegen programmaliq támiynat. Hújjetti kórsetetuǵin hám sorawshi programmalar (brauzer siyaqli) klient dep ataladi. «server tárep» hám «klient tárep» terminleri isletiledi, masilǵa, súwretlerdiń kartasi menen jumis islegende, processti basqarip turǵan mashinaǵa tiyisli. Klient táreptegi funkciyalar paydalaniwshiniń mashinasinda orinlanadi, server táreptegi funkciya bolsa alistaǵi mashinada.

Web-serverler brauzerlerdiń sorawina (zapros) juwap beredi, olar berilgen fayllardi tawadi (yamasa CGI scenariyalardi orinlaydi) hám hújjetti yamasa scenariya nátiyjesin qaytaradi. Web-brauzerler hám serverler Hypertext Transfer Protocol (HTTP, gipertekstlerdi tasiw protokoli) protokoli arqali baylanisadi.

**Serverlerdiń programmaliq támiynati.** Kópshilik serverler Unix platformasinda isleydi. Soniń ushinda Web áleminde elege deyin Unix sistemasiniń terminalogiyasi qollaniladi. Jumis processinde bir neshe Unix-komandalardi yadlawǵa tuwra keledi. Geybir serverlik paketler Unix komandalar qatarinan basqariwdiń alternativi sipatinda grafikaliq interti usinis etedi.

Mine bir qatar belgili serverler: NCSA Server, Apache, CERN, Netscape Servers, Internet Information Server (IIS).

Házirgi kúnde kópshilik serverler (shama menen 70%) Apache yamasa sodan shiqqan NCSA da isleydi. Serverdiń konkret tipi dizayner jumisiniń kópshilik bólegine tásir jasamaydi, misalǵa, grafika jaratiwǵa yamasa bazaliq HTML-fayllardi islegende. Álbette, ol Server Side Includes yamasa MIME tiplerin hám maǵliwmatlar bazasin basqaratuǵin Web-saytlardi qosiw metodi menen islengen Web-saytlardi jaratqanda tásirin tiygizedi.

**Tiykarǵi katalog (negiz).** Brauzer hújjetti soraǵanda, server hújjettiń tiykarǵi kataloginan baslap hújjettiń jaylasqan ornin aniqlaydi. Bul barliq hújjetlerdi saqlaw ushin sazlanǵan (konfigurirovan) katalog. ol hújjetke kórsetilgen URL de shártli túrde kórsetilmeydi, soniń ushinda fayllardi júklegende qaysi katalog tiykarǵi ekenligin biliw zárúr.

**Indeksli fayllar.** URL aqirindaǵi tuwri slesh (/), URL faylǵa emes al katalogqa múrájet etip atirǵanin ańlatadi. Ádette serverler URL de kórsetilgen katalog ishin kórsetedi. Kópshilik serverler katalog diziminiń ornina arnawli fayldi kórsetiwge sazlanǵan (konfiguraciyalanǵan), bul fayl indeks fayl dep ataladi. Indeks fayllar ádette index.html degen atqa iye, biraq geybir serverlerde welcome.html yamasa default.html dep ataliwi múmkin.

Yeger server indeks fayldi tabiwǵa sazlanǵan bolsa hám oni taba almasa oniń ornina kotalogtiń ishindegi basqa fayl hám kataloglar dizimin shiǵarip beredi, bul bolsa basqa sirttaǵi ózgeler ushin fayllarǵa qáwip tuwdiradi. Soniń ushinda hár dayim betlerdiń birewin (ádette bas betti) hár bir katalogta index.html (yamasa basqa shártli at penen) dep ataǵan maqul.

**CGI scenariyalar.** HTML fayllarǵa múrájet qiliwdiń ornina, URL CGI programmalardi iske qosiwdi talap etiwi múmkin. CGI Common Gateway Interface (uliwma shlyuzlik interfeys) dep tarqatiladi. ol Web-serverge, serverdegi jumis islewshi basqa programmalar (CGI scenariya) menen baylanisiwdi támiyinleydi. CGI scenariyalar ádette Perl, C hám C++ tillerinde jaziladi.

CGI scenariyalar izlew, server tárepte súwret kartalarin basqariw, oyin siyaqli hár qiyli funkciyalardi orinlaw ushin qollaniladi.

## 3§. JavaScript web programmalastırıw tiliniń web-sayt jaratıwdaǵı áhmiyeti

Webde betlerdi ajratıwda “klient-server” arxitekturası menen baylanıslı mashqala payda boladı. Betlerdi hám klient tárepinde, hám server tárepinde jaratıw múmkin. 1995 jilda Netscape kompaniaysi qánigeleri JavaScript programmalastırıw tilin islep shiǵip, betlerdi klient tárepinde basqariw mexanizmin jaratti.

JavaScript – bul webtiń gipertekstli betlerin klient tárepinde kóriw cenariyalarin basqariw tili. Jánede aniǵiraq aytatuǵin bolsaq, JavaScript – bul tek klient tárepindegi programmalastırıw tili bolip qalmastan, Liveware JavaScript tiliniń awladi bolip, Netscape serveri tárepinde islewshi quarl bolip tabiladi. Lekin JavaScript tilin tanimali qilǵan nárse bul klient tárepinde programmalastırıw bolip tabiladi.

JavaScripttiń tiykarǵi waziypasi – HTML konteynerler atributlariniń mánislerin hám kórsetiwshi ortaliǵiniń qásiyetlerin HTML temalardi kóriw processinde paydalaniwshi tárepinen ózgertiw imkaniyatlarinda, basqasha aytqanda olardi dinamikaliq temalar qiliw (DHTML). Jáne soni aytip ótiw kerek, temalar qayta júklenbeydi.

Ámelde buni, máselen, tómendegishe ańlatiw múmkin, temaniń foniniń reńin yamasa hújjetdegi súwretti ózgertiw, jańa ayna ashiw yamasa eskertiw aynasin shiǵariw.

“JavaScript” atamasi Netscape kompaniyasiniń jeke ónimi. Microsoft tárepinen ámelge asirilǵan til JScript deb ataladi. JScript versiyalari JavaScripttiń sáykes versiyalari menen mas keledi.

JavaScript – ECMA (European Computer Manufacturers Association – Evropa Kompyuter Islep Shiǵariwshilar Associyaciyasi) tárepinen standartlastirilǵan. Sáykes standartlar tómendegishe ataladi: ECMA-262 hám ISO-

16262. Usi standartlar menen JavaScript 1.1 ga shama menen ekvivalent ECMAScript tili aniqlanadi. Esletiw kerek, búgingi kúnde JavaScripttiń hámme versiyalari da ECMA standartlarina mas kelebermeydi.

Javascripttniń tiykarǵi qásiyetleri. JavaScript – bul internet ushin úlken bolmaǵan klient hám server qosimshalardi jaratıwǵa arnalǵan salistirmali ápiwayi obektge baǵdarlanǵan til. JavaScript tilinde dúzilgen programmalar HTML hújjettiń ishine jaylastirilip olar menen birge uzatiladi. KóriW programmalari (brauzerler) Netscape Navigator hám Microsoft Internet Explorer hújjet tekstine jaylastirilǵan programmalardi uzatadi hám orinlaydi.

JavaScript – interpritatorli programmalastırıw tili esaplanadi. JavaScriptte dúzilgen programmalarǵa paydalaniwshi tárepinen kiritilip atirǵan maǵliwmatlardi tekserip atirǵan yamasa hújjetti ashqanda yamasa japǵanda qandayda bir ámellerdi orinlawshi programmalar misal boliwi múmkin.

JavaScriptte jaratilǵan programmalarǵa misal sipatinda paydalaniwshi tárepinen kiritilgen maǵliwmatlar tekseriwshi, dokumentti ashiw yamasa jabiw waqtinda qandayda bir ámellerdi orinlawshi programmalardi keltiriw múmkin. Bunday programmalar paydalaniwshi tárepinen berilgen kórsetpelerge – tishqansha knopkasiniń basiliwina, maǵliwmatlardi ekran arqali kiritiwine yamasa tishqanshani bet boylap jiljitiwǵa bola jumis orinlaydi. Bunnan tisqari JavaScripttegi programmalar brauzerdiń uzini hám dokumenttiń atributlarin da basqariwi múmkin.

JavaScript programmalastırıw tili sintaktikaliq tárepten Java programmalastırıw tiline, ob’ektli modellewdi esapqa almaǵan halda, uqsap ketsede, lekin maǵliwmatlardiń statikaliq tipleri hám qat’iy tiplestiriw siyaqli qásiyetlarge iye bolmaydi. JavaScriptte Java programmalastırıw tilinen parq qilip, klass túsinigi bul tildiń tiykarǵi sintaktikaliq qurilmasi esaplanbaydi. Bunday tiykar sipatinda paydalanip atirǵan sistema tárepinen qollap-quwatlanip atirǵan, aldinnan aniqlanǵan maǵliwmat tipleri: sanli, logikaliq hám qatarli; gárezsiz de boliwi, ob’ekttiń metodi (JavaScriptte metod túsinigi funkciya/bólek-programmaniń ózi) sipatinda da isletiliwi múmkin bolǵan funkciyalar; úlken sandagi óz qasiyetlerine

hám metodlarina iye bolǵan aldinnan aniqlanǵan obektlerden ibarat obektli model hám jańa programma ishinde paydalaniwshi tárepinen jańa ob’ektlerdi beriw qaǵiydalari esaplanadi.

JavaScriptte programmalar jaratıw ushin hesh qanday qosimsha qurallar kerek bolmaydi – tek ǵana tiyisli versiyadaǵi JavaScript qollaniliwi múmkin bolǵan brauzer hám DHTML dokumentlerdi jaratıwǵa imkan beriwshi tekst redaktori kerek boladi. JavaScripttegi programma tuwridan-tuwri HTML – dokumentlerdiń ishine jaylastirilǵanligi ushin programma nátiyjesin dokumentti brauzer járdeminde kóriw arqali tekseriw múmkin hám kerekli jaǵdayda ózgertiwler kiritiliwi múmkin.

JavaScript programmalastırıw tiliniń imkaniyatlari. Oniń járdeminde HTML dokumentlerdiń kórinisi hám dúzilisin dinamikaliq ráwishde basqariw múmkin. Ekranda súwretlenip atirǵan dokumentge brauzer tárepinen júklengen dokumenttiń sintaktikaliq analiz qiliw processinde qálegen HTML kodlardi jaylastırıw múmkin. “Dokument” obekti járdeminde paydalaniwshiniń aldińǵi orinlaǵan ámelleri yamasa basqa bir faktorlarǵa góre jańa dokumentlerdi avtomatik payda qiliw múmkin.

JavaScript járdeminde brauzer jumisin basqariw múmkin. Máselen, Window ob’ekti júzip júriwshi aynalardi ekranǵa shiǵariw, brauzerdiń jańa aynalarin jaratıw, ashiw hám jabiw, aynalardiń ólshemleriniń rejimlerin órnatiw hám basqada imkaniyat beriwshi metodlarǵa iye.

JavaScript dokumentdegi maǵliwmatlar menen jalǵaniw imkaniyatin beredi. Document obekti hám ondaǵi bar obektler programmalarǵa HTML dokumentlerdiń bólimlarin óqiw hám bazida olar menen jalǵaniw imkaniyatin beredi. Teksttiń ózin oqiw múmkin emes, lekin máselen berilgen dokumentdegi gipertekstli otiwler dizimin aliw múmkin. Házirgi waqitda Form obekti hám ondaǵi bar bolǵan boliwi múmkin bolǵan obektler: Button, Checkbox, Hidden, Password, Radio, Reset, Select, Submit, Text hám Textarealar dokumentdegi maǵliwmatlar menen jalǵaniw ushin keń imkaniyatlar beredi.

JavaScript paydalaniwshi menen baylanis qiliwǵa imkan beredi. Bul tildiń eń áhmiyetli qásiyeti onda ámelge asirilǵan hádiyselerdi qayta islewdi aniqlaw imkaniyati – málim bir hádiyseniń (ádetde paydalaniwshi tárepinen orinlanǵan ámel) júz beriw waqtinda orinlanatuǵin programma kodiniń qálegen bólimi esaplanadi. JavaScript hádiyselerdi qayta islewshi sipatinda qálegen jańa aldinnan berilgen funkciyalardan paydalaniw imkaniyatin beredi. Máselen, paydalaniwshi tishqansha kórsetkishin gipertekstli ótiwler ústine keltirse, halatlar qatarinda arnawli xabardi shiǵariwshi yamasa málim bir ámeldi orinlawdi tastiyqlawdi sorawshi dialogli aynani ekranǵa shiǵariwshi yamasa paydalaniwshi tárepinen kiritilgen mánislerdi tekseriwshi hám qátelik júz bergen jaǵdayda kerekli kórsetpelerdi berip, tuwri mánisti kiritiwdi sorawshi programmalardi jaratıw múmkin.

JavaScript qálegen matematikaliq esaplawlardi orinlaw imkaniyatin beredi. Bunnan tisqari bul tilde waqit hám sánelerdiń mánisleri menen islewshi joqari dárejede rawajlanǵan qurallar bar. JavaScript CGI-programmalarǵa hám Perl programmalastırıw tiline hám todiriwshi sipatinda ayrim jaǵdaylarda Java tiline uqsas til sipatinda jaratilǵan.

Hár bir baslawshi programmisttiń tiykarǵi sorawi: “Programmalar qanday dúziledi hám orinlanadi? ”. Bul sorawǵa ilaji barinsha ápiwayiraq, lekin JavaScript kodlarin qollaniliwiniń barliq usillarin umitpaǵan halda juwap beriwge háreket qilamiz.

Birinshiden, JavaScript-kodlari brauzer tárepinen orinlanadi. Onda arnawli JavaScript interpritatori bar. Oǵan bola programmaniń orinlaniwi interpretator tárepinen basqariwdi qashan hám qay tárzde aliwina baylanisli boladi. Bul bolsa, óz náwbetinde kodtiń funkciyaliq qóllaniliwina baylanisli boladi. Uliwma alǵanda JavaScripttiń funkcional qollaniliwiniń 4 túrli usilin ajiratip kórsetiw múmkin:

- gipertekstli ótiw (URL sxemasi);
- hádiyselerdi qayta islew (handler);
- órnina qoyiw(entity)

- qoyiw (SCRIPT konteyneri).

JavaScript boyinsha oquv qollanbalarda JavaScriptti qollawdiń bayani ádette SCRIPT konteynerinen baslanadi. Lekin programmalastırıw kóz qarasinan bul onsheli tuwri emes, sebebi bunday tártip tiykarği soraw: “JavaScript kodi basqariwdi qanday aladi?” ǵa juwap bermeydi. Yaǵniy JavaScriptte jazilǵan hám HTML dokumenttiń ishine jaylastirilǵan programma qanday formada shaqiriladi hám orinlanadi.

HTML bet paydalaniwshiniń hám oniń programmalastırıw tykarlarinan xabardarliǵiniń dárejesine qarap JavaScriptti ózlestiriwge kiriswdi bir neshe túrli variantlari bar. Eger siz klassik tiller (C, Fortran, Pascal h.t.b.) boyinsha programmist bolsańiz, onda dokument teksti ishinde programmalastırıwdan baslaǵan maqul, eger siz Windows sistemasinda programmalastırıwǵa úyrengen bolsańiz, onda hádiyselerdi qayta islewdi programmalastırıwdan baslaǵanińiz maqul, eger siz tek HTML boyinsha tájribege iye bolsańiz yamasa kópten beri programmalastırıw menen shuǵillanbay atirǵan bolsańiz, onda gipertekstli ótiwlerdi programmalastırıwdan baslaǵanińiz máqul.

URL sxemali JavaScript. URL sxemasi (Uniform Resource Locator) - bul Web texnologiyalardiń tiykarǵi elementlarinen biri. Web degi hár bir informaciyaliq resurs óziniń ózine say URL ina iye boladi. URL A konteyneriniń HREF atributinda, IMG konteyneriniń SRC atributinda, FORM konteyneriniń ACTION atributinda hám h.t.b. larda kórsetiledi. Barliq URL lar resursǵa ruxsattiń protokolina baylanisli bolǵan ruxsat sxemalarina bólinedi, máselen, FTP arxivina kiriw ushin ftp sxemasi, Gopher arxivina kiriw ushin gopher sxemasi, elektron xatlardi jónetiw ushin smtp sxemasi qollaniladi.

## 4§. Sayt jaratıwdıń tiykarǵı qaǵıydaları hám basqıshları.

Internetde óz saytıńızdı ashıw ushın sizde xosting hám domain bolıwı kerek. Eger sayt jaratıw tarawında hesh nárseni bilmeseńiz, xosting hám domain haqqında eń áhmiyetli tiykarǵı túsiniklerge iye boliwińiz kerek.

**Xosting** – bul saytıńız tiykarın qurawshı fayllar (html hújjetler, súwretler, dawıslı hám video fayllar, programmalar hám h.t.b.) saqlanatuǵın orin. Xosting xizmeti túrli xosting provayderler tárepinen usnıladı. Búgingi kúnde xosting bahası júdá qımbat emes.

**Domain** – bul xostingde jaylastırılǵan saytıńızdıń bas betin paydalanıwshılarǵa alıp uzatatuǵın, jol kórsetiwshi web-atama. Xostingde saytıńızdı jaylastırǵanıńızdan soń saytıńız tek IP mánzil arqalı kóriliwi múmkin boladı. Máselen, paydalanıwshılar saytıńızdı 183.169.58.318 degen IP mánzil arqalı kóriwleri múmkin dep esaplayıq. Hár sapar saytıńızǵa kiriw ushın bul cifralardan paydalaniw paydalanıwshılarǵa qıyınshılıq tuwdıradı. Bunnan tısqarı 183.169.58.318 sıyaqlı cifralardı eslep qalıw da júdá qıyın. Domainniń tiykarǵı waziypası – usı IP mánzildi adamlarǵa túsinikli bolǵan qısqa, oqılatuǵın, mánis ańlatatuǵın sózlerge aylandırıw. Máselen, www.sayt.uz yamasa www.ssp.uz. Bunnan kórinip turıptı, sayt.uz yamasa ssp.uz sıyaqlı domenler eslep qalıw ushın ańsat hámde olardı hár qanday adam qıyınshılıqlarsız brauzerde jazıp asha aladi. Hár sapar kimdur ssp.uz sıyaqlı domenińizge múrájet qılǵanda bul domen 183.169.58.318 IP manzilin shaqiradı hám nátiyjede siziń saytıńız paydalanıwshı kóz aldında payda boladı.

Xosting alıw ushın birinshi náwbette jaqsı xosting kompaniyasın tańlawıńız kerek boladı. Bunda sizge hosting-obzor.uz saytı járdem beriwi múmkin. Bul saytta Ózbekstannıń barlıq xosting kompaniyaları bahalanǵan.

Domain alıw ushın siz aldın hesh kim tárepinen dizimge alınbaǵan domain attı tańlawıńız, yamasa kóp hallarda, tabiwińiz kerek boladı. Bul ushın whois.uz saytı qıdırıwı arqalı siz qıdırǵan domain bos yamasa bánt ekenligin anıqlawıńız, eger bos bolsa, ózińiz tańlaǵan domain attı usınǵan dizimge alıwshılar arqalı

ózińızdıki qılıp aliwińiz múmkin. Domain atlardıń registraciya qılıniwiniń eń kem múddeti – bir jıl.

Xosting hám domain alıw basqishınan ótip alǵanińizdan soń xostingde saytıńız fayllarıń jaylastıriwińiz hámde sayttı iske túsiriwińiz mumkin.

Sayt jaratıwdi nedan baslaw lazım? Kimge múrájet qılıw kerek? Bunday sorawlar kóp ushrap turadı. Solardan kelip shıǵıp sayt jaratıw usılların kórsetip ótemiz.

*Professionallarǵa buyirtpa beriw.* Eń ápiwayi usıl. Bul usılda siz qanday da bir veb studiya yamasa frilanserge múrájet qilasiz, saytqa qoyilatuǵın talaplardı tolıq aytip ótesiz. Olar sizge talaplarıńizdan kelip shıqqan halda, bahasin hám qashan tayar bolıwın aytadi(arzan bolmawi aniq). Eger razi bolsańiz, puliniń bir bólegin(yamasa hámmesin) tóleysiz hám aytilǵan múddetei kútesiz, sizge tayer sayt jaratip beredi. Kelisiwge qarap xosting hám domendi de olar alip beredi.

Abzallıqları(plyus):

- veb programmalastırıwǵa baylanisli tereń bilimler shárt emes;
- sayt professionallar tárepinen qılınǵanligi ushın, qáteler minimum hám islewi bir tekis boladı;
- kóp waqitińiz tejeledi.

Kemshiligi(minus):

- eń tiykarǵı kemshiligi bul úlken muǵdardaǵı puldan waz keshiwińiz kerek boladı.

Sonıń ushın bul usıldan hámme de paydalanbermeydi.

*Tayar sayt satip alıw.* Bul usıl joqaridaǵı usıldan biraz pariq qiladi. Bunda siz málim tarixǵa iye, tayar islep turǵan sayttı sotip alasiz. Sayt tarixi(paydalanıwshılar sani, sayt temasi) tiykarında baha belgilanadi.

Abzallıqları(plyus):

- eń tiykarǵısi, siz tayar sayt satip alasiz, sayttıń paydalanıwshıları da bar boladı, hátteki qidırıw sistemalarınan da dizimnen ótgen hám indekslengen boladı.

Kemshiligi(minus):

- siz ushın kerekli tayar sayttı qidırıwǵa waqit ketib qalıwi mumkin;
- sayttı júritiw ushın málim bir bilimler kerek boladı;
- sayttı satip alıw ushın, pul kerek boladı;
- aldanip qalıw itimalliǵı da bar.

*Biypul CMS(Content Management System)lar arqalı sayt jaratıw.* bul usılda qanday da bir CMS(Wordpress, Joomla, Drupal) tańlaysiz hám ózińiz sayt jaratasiz. Sayt jaratıwǵa ketetuǵın waqit onsha kóp bólmaydi, soǵan jarasa sapasi boladı. Házirgi kúnde bul eń kóp qollanilatug;in usıl. Tayar shablon arqalı sayt jaratasiz, sayt jaratıw dawaminda mashqalalar shıǵıb qalsa, internetde olardıń sheshimin tabiwińiz múmkin boladı.

Abzallıqları(plyus):

- domen hám xostingdan basqa nársege qárejet qilmaysiz;
- kóp waqit talap qilmaydi;
- sayt jaratıw ápiwayi, bul usıldan paydalanip hátte mektep oqiwshıları da sayt jarata aladi:
- ózińiz qálegendey sayt jarata alasiz, bilimińiz tiykarında;
- hosting satip alıwda da aniq qancha muǵdarda jay alıw kerekligin bilesiz.

Kemshiligi(minus):

- málim bir bilimler(HTML, CSS) kerek boladı(keminde tiykarǵı nárselerdi biliw talap qılınadi);
- qáwipsizlik tárepten ádewir pás, hár bir tema, plagin, hátteki CMSlardı jańalap turiw kerek(obnavleniya);
- málim bir qálipden shıǵa almaysiz(eger professinal bolsańiz, hesh qanday qálipde qalip ketpeysiz).

*Sayttı óz qolińiz benen jaratıw(0 den).* bul usıl sizge maksimal erkinlik beredi. Siziń saytıńız siz qálegenshe islewi hám qálegen orinda islewi múmkin. Barlıq nárse siziń qolińizda hám siziń basqariwińizda. Ádette bul usıl arqalı sayttı bir neshe adam jaratadi(dizayner, programmist,…).

Abzallıqları(plyus):

- siz erkinsiz, hesh qanday qálip joq;
- eger ózińiz jaratsańiz pul sarplanbaydi(xost hám domennen tısqarı);

Kemshiligi(minus):

- kóbirek waqit talap qiladi;
- eger ózińiz qilmaqshı bolsańiz, veb programmalastırıw, maǵliwmatlar bazasi, dizaynerlik, vyorstkalarǵa baylanisli bilimlerge iye boliwińiz kerek;
- eger málim bir jumis ushın adam jallamaqshı bolsańiz, qárejetge túsesiz.

*Óz konstruktorina iye biypul xosting arqalı.* Biypul xosting tabasiz, ádette óz konstruktori boladı(**narod.ru, ucoz.ru, setup.ru**), qálegen shablon tańlaysiz hám redaktorlaysiz, súwret hám tekstler kiritesiz, sonıń menen sayt tayar boladı.

Abzallıqları(plyus):

- jalǵız abzallıǵı barlıǵı biypul.

Kemshiligi(minus):

- biypul xostingde imkaniyatlar chegaralanǵan;
- zeriktiretuǵın reklama bannerler;
- ushınshi dárejeli domen(test.narod.ru);
- shablonli dizayn sayt;
- eger tiykarǵı saytqa qanday da bir nárse bolsa, siziń sayt da islemeydi, hátteki óz kontentlerińızdı de ala almaysiz, hámmesi tamam.

*Óz konstruktorina iye pulli xosting arqalı.* Bul degeni xosting satip alasiz hám sizge sayt jaratıw ushın biypul konstruktor beriledi. Bul xizmetlerdi usinatuǵın eskhosting.ru, hts.ru, hostland.ru saytların misal qılıw múmkin. Shablon tiykarında kerekli sayttı jarata beresiz.

Kemshiligi(minus):

- xosting alıw ushın pul kerek boladı;
- shablonli sayt jaratıladi.

Abzallıqları(plyus):

- sayt jaratıwǵa waqit sarplamaysiz;

- reklamali bannerler joq;
- sayt islewinde hesh qanday texnik tosiqlar ushıramaydi.

Brauzerlerdı tańlaw hám jańa texnologiyalardan paydalanıw haqqında durıs qarar qabıl etiw kóp jaǵdaylarda paydalanıwshılar tańlaǵan auditoriyasına baylanıslı boladı. Jańa sayt islep shıǵıwdan aldın izertlewler ótkerip, qanday platformalar, brauzerler, texnikalıq jańalıqlar qolay kórilip atır, paydalanıwshılar jalǵawdıń qanday tezliklerinen paydalanıp atırǵanlıǵın anıqlaw zárúr. Eger bar sayt qayta islenip atırǵan bolsa, aldın serverde dizimge alınǵan jazıwlar, saytdan paydalanıw haqqında saqlanıp atırǵan informaciya analiz etiledi.

Barlıq nárseni aldınnan kóre biliw múmkin emes, biraqta dáslepki basqıshta tómendegi qaǵıydalarǵa ámel etiw múmkin:

- eger ilimiy yamasa akademiyalıq mazmundaǵı sayt islep shıǵılıp atırǵan bolsa, bul sayt lynx da (yamasa basqa grafikalıq emes brauzerde) qalay islewine ayrıqsha itibar qaratıw zárúr;
- eger sayt paydalanıwshılar ushın arnalǵan, máselen, sayt balalar ushın úyretiwshi oyınshıqlardı usınıs etetuǵın bolsa, ol brauzerler ushın sayttıń júkleniw tezligi hám sırtqı kórinisine itibar beriledi;
- eger sayt qadaǵalaw astındaǵı paydalanıwshılar ushın arnalǵan, máselen, korporativ bolsa, onda siziń klientlerińiz qaysı platforma hám qanday brauzerlerdan paydalanatuǵının anıq bilgen jaǵdayda, bul brauzer ne isley alatuǵınlıǵı, sonıń ishinde dawıs effektlerińızdı kórsete alasız;
- eger jas fanatlar ushın kompyuter oyınları saytı islep shıǵılıp atırǵan bolsa, onda olar brauzerler hám ornatılǵan qosımshalardıń eń sońǵı versiyalarınan paydalanıwların anıq shamalaw múmkin.

Kóp maqsetli saytlardıń kópshiligi ushın «parqlardı ajratıw» jantasıwınan paydalanıw qolaylı bolıp tabıladı, eger resurslar imkaniyat berse, bir neshe versiyalardı jaratıń hám olarǵa tiyisli xızmet kórsetiń.

Qanday etip displeylerdıń kóplegen túrleri hám kóriw shártleri betlerdi islep shıǵıwda qararlar qabıllawǵa tásir etiwi múmkin? Kóbinese displeylardı tek ǵana

onıń ólshemlerine qarap hám reń imkaniyatları boyınsha parqlaydı. Soǵan qaramay, parqlar usı menen tamamlanbaytuǵınlıǵın esten shıǵarmaw kerek. Bazı bir paydalanıwshılar sayttı televizor ekranlarında kóriwleri múmkin. Sonıń menen birge, basqalar uyalı telefon ekranında kóriwleri de múmkin.

Displey ólshemin biliw – bul tek ǵana jumıstıń bir bólegi ǵana, sebebi operacion sistema hám brauzerdiń ózi ekranda júdá úlken orındı iyeleydi. Brauzer aynasındaǵı haqıyqattan da paydalanıwı múmkin bolǵan mákan ólshemi (ol brauzer aynasınıń «jumıs» yamasa «tiri» mákanı dep te ataladı) kompyuterdiń operacion sisteması, paydalanıp atırǵan brauzer hám paydalanıwshınıń ózi jeke ornatqan parametrlerge baylanıslı boladı.

Aynanıń eń kishi jumıs mákanı brauzerdiń barlıq kórinetuǵın áspabları menen ólshenedi. Aynanıń eń úlken jumıs mákanı barlıq májbúriy bolmaǵan elementlerdi japqan halda ólshenedi, bul brauzer aynasın ajrata alıw ushın eń úlken bolıwın támiyinleydi.

Biraqta bul tek ǵana eki eń shetki jaǵdaylar. Ámeliyatta baruzer aynasınıń ólshemleri ózgerip turadı. Aylanıw polosaları avtomatikalıq túrde jalǵanıp hám óshirilip turadı, sonıń ushın olardı esapqa alıw qıyın. Ajrata alıwı júdá joqarı bolǵan (1024 piksel hám onnan da joqarı) displeyden paydalanıwshılar hár dayım aynanı tolıq ashadı, kóbinese bir waqıttıń ózinde bir neshe aynanı ashadı. Bular menen bir qatarda jáne kóplegen málim bolmaǵan principler bar bolıp, olar da brauzer aynası ólshemine tásir etiwi múmkin.

Displey reńleriniń ózine sáykes qásiyetleri. Monitorlar, eger olar reńli bolsa, súwretlep beretuǵın reńleri boyınsha parqlanadı. Monitorlar ádette 24-razryadlı (16,77 mln. reń), 16-razryadlı (65 536 reń) yamasa 8-razryadlı (256 reń) boladı.

«Haqıyqıy», reńlerdiń 24-razryadlı mákanında alıńgan reńler 8-razryadlı displeylerde brauzerler penen islegende buzıladı.

Biraqta 216 reńnen ibarat kóplik bar bolıp, ol MasOS hám Windows sistemalıq palitraları reńlerinen dúzilgen hám 8-razryadlı displeylerde buzılmaydı. Bul reńler kópliginiń atlarınan biri – Web-palitra (Web Palette). Kópshilik dizaynerlar bet barlıq paydalanıwshılar ushın birdey kóriniwi ushın Web-grafigi

hám HTML elementlerin jaratıwda usı palitradan paydalanıwdı qolay kóredi.

Eger sayt monoxrom yamasa yarım tonlı (Gray Scale) displeylerden paydalanıwshılarǵa arnalatuǵın bolsa, joqarı kontrastli grafika qollanılıwı kerek. Reńler kúlreńniń kóplegen túslerine ózgerttirilgende (yamasa qara hám aq pikseller menen aralastırılǵanda) tek ǵana reńlerdiń aydınlıǵı áhmiyetke iye boladı.

Web-bettiń anıq ólshemin anıqlawdaǵı birinshi adım displey támiyinlep beretuǵın eń úlken mákanın anıqlanıwı zárúr. Kompyuter displeyları hár qıylı standart ólshemlerge iye boladı hám, ádette, dyuymlarda ólshenedi. Displeylarnıń bazı bir bir tipik ólshemlerin keltiriw múmkin – 14”, 15”, 17”, 19” hám 21”.

Displeydiń ajrata alıwı – ekrandaǵı piksellerdiń ulıwma sanı (picture’s element – súwret elementi) júdá áhmiyetli bolıp esaplanadı. Ajrata alıw qansha joqarı bolsa, súwret júdá anıq kóriniwi múmkin.

Sonı yadta tutıw kerek, displeyde ajrata alıw qansha joqarı bolsa, ekrannıń bar mákanında sonsha kóp pikseller presslengen boladı. Nátiyjede pikseller kemlew bolıp qaladı hám bettiń basqa elementleri hám súwretleri de kishireyedi. Tek ǵana usı sebep boyınsha Web te ólshewler dyuymlarda emes, al piksellerde ólshenedi.

Eń ápiwayı betti islep shıǵıw. Islep shıǵıwshılardıń kópshilik bólegi Web ten barlıq paydalana alatuǵın bolıwı kerek, dep esaplaydı. Olar bunnan basqa sırtqı tárepten usınıs etiw usılı avtorınıń emes, al aqırǵı paydalanıwshınıń qolında bolıwı kerek, dep esaplawı múmkin. Olar tek ǵana eń isenimli, tekserilgen standarttan paydalanıwǵa hám bet barlıq brauzerler menen islewine isenim bildırıwge umtıladı.

Jobalastırıw basqishı sayt dizayninda eń áhmiyetli bolip esaplanadi. Bul basqishta biz tek ǵana qálem hám qaǵaz benen qurallanip, tómendegi sorawlarǵa juwap tabiwimiz kerek:

1. Sayttıń maqsetin hám waziypaların aniqlawimiz kerek. Bul sayt klientlerge birew yaki bir zat tuwrali maǵliwmat beriw kerekpe yamasa klient shaqiriwi kerekpe. Bilimlendırıw ushın ba, mashqalalar sheshiw ushın ba, dem alıw ushın ba, hár qıylı waziypalar ushın hár qıylı sayt strukturasi qollaniladi.

2. Bul saytta qanday konkret informaciya bolıwı kerek. ózińiz yaki buyirtpashı tuwrali ne aytpaqshısiz.

3. Kerekli informaciyani jiynap, tayarlap qoyiw. Barlıq tekstler, suwretler, global tarmaqqa jaylastirmaqshı bolǵan barlıq fayllarıńızdı kompyuterde saqlap qoyiwińiz kerek.

4. Sayttıń dizayni qanday boliw kerek, mazmunina, maqsetine qarap konservativ, ápiwayi yaki kórkem bezelgen bolıwı kerek. Jaqsisi dizayn hám qaǵazǵa túsirilgeni maqul. Bunda dizayn tiykarǵı informaciyadan basim bolip ketpewin támiyinlew kerek

5. Sayttıń logikaliq strukturasin oylap tabiw hám siziw kerek. Bunda ózińizge jaqqan bir saytqa kirip, oniń qanday shólkemlestirilgenin úyrenip shıǵiwińizǵa boladı.

Misali, ózińızdıń saytıńız strukturasi tómendegishe bolıwı múmkin: bas beti, bul jerde sayt iyesi tuwrali maǵliwmat, basqa betlerge kiriwge miráát siltemeler jaylasadi; basqa betlerde bolsa qiziǵıwshıliqlarıńiz (xobbi), jumislarıńizǵa (shıǵarmalar, qosiqlar, suwretler, proektler, programmalar) giperssilka-siltemeler, olar fotogalereya, audio-videoklipler h.t.b. túrde bolıwı da múmkin. Bul jerde avtor tuwrali keńirek maǵliwmat, pochta adresi, suwreti saqlanatuǵın betke silteme bolıwı múmkin.

6. Sayttıń fizikaliq strukturasin oylap kóriń, yaǵniy sayt papkasindaǵı hár bir fayldiń belgili ishki papkalarda ańsat tabilatuǵın etip jaylasiwin támiyinlew (misali, barlıq suwretler images papkasinda, al qosiqlar clips papkasinda h.t.b.

7. Qaytadan joqaridaǵı barlıq basqishlardaǵı jumislardı kózden ótiriw. Web-betler htm yaki html keńeytpeli tekstli fayllarda saqlanatuǵınin aytip ótken edik. Grafikaliq kórinisler, audio- hám videorolikler h.t.b. obektler bólek fayllarda tiyisli formatlarda saqlanadi.

*Web-sayt jaratıwdiń strategiyasi.* Sizdiń saytińizǵa múrájet etiwshilerdiń kópshiligi qanday brauzerden paydalanatuǵınin aniqlap, sizdiń jumisińizda qanday HTML teglerden hám Web-texnologiyalardan paydalaniw kerek ekenligin sheship

alasiz. Tap solay siz Java yamasa JavaScript sıyaqlı qollanbalardan paydalanip paydalanıwshılardıń qansha bólegin iyeley almaytuǵının aniqlawǵa boladı.

*Ápiwáyi betlerdi jaratıw.* Web-avtorlardıń kópshiligi Web hámmege múmkin bolıwı haqqındaǵı idealastirilǵan kórsetiwge tiykarlanadi. Hámde olar ishki kórsetiwler usıli avtordiń emes al aqirǵı paydalanıwshınıń qolinda bolıwı kerek dep esaplaydi. olar tek eń isenimli, tekserilgen hám betler barlıq brauzerlerde isleytuǵınina isengen standartti paydalaniw ushın umtilmaqta.

*Aqirǵı versiyalar ushın jaratıw.* Web-avtorlardıń jáne bir topari basqa kóz qarasqa toqtaydi. olar belgili brauzerlerdiń aqirǵı taza versiyaları ushın betlerdi jaratadi. olardı basqa brauzerden paydalanatuǵın paydalanıwshılar tolıq kóre almaytuǵıni qiziqtirmaydi. olarǵa «taza versiyasin ornatiw haqqında másláhát berseń, bul biypul» dep aytsań, bul taktikada ózin aqlaydi. Budan basqa tek bir konkret brauzerdiń aqirǵı versiyaları menen islesetuǵın avtorlarda bar. Aytip ótiw kerek, bul jandasiwda intranet tarmaǵı ishinde tuwri.

## 5§. Adobe Dreamweaver programması járdeminde web sayt jaratıw izbe-izligi.

Adobe Dreamweaver programması vizual HTML-redaktor bolıp, bul programma web betlerdi HTML kodların bilmey-aq jaratıw múmkinshiligin beredi. Programmanıń interfeysı sonday ápiwayı, onda hátteki baslawısh dizaynerler ańsat hám tez sayt jaratıwı múmkin. AdobeDreamweaver "vizual" redaktor bolıp esaplanadı, yaǵnıy siz islep atırǵan júmıs nátiyjelerin tikkeley ekranda kóriwińizge boladı, onıń járdeminde quramalı saytlar jaratıw hám basqarıw múmkin. AdobeDreamweaver professional sayt jaratıw hám onı redaktorlaw ushın arnalǵan ásbap hám qurallardan ibarat: HTML, CSS, JavaScript, kod redaktorı, Bootstrap style.

Dreamweaver diń ózinde Adobe Flash formatındaǵı animaciyalar jaratıw, Microsoft Office ten alınǵan maǵlıwmatlardan paydalanıw, Fireworks programmasınıń rollover-grafikasın, menyu hám túymeshelerin túsiriw múmkin. Sonıń menen birge AdobeDreamweaver de tayar bettiń HTML kodların redaktorlaw hám sol jol menen HTML tilin úyreniw hám múmkin.



Programma iske tusirilgende ekranda Start dialog aynası payda bolıp, onda biz jańadan Web bet jaratıw punktin tańlaymız. (Web bet jaratıw ushın tayar shablonlardan paydalanıwǵa da boladı). Nátiyjede ekranda programma aynası payda boladı. Ol tómendegi bólimlerden ibarat.

**Document** panelinde hújjetti qay kóriniste aynaǵa shıǵarıw rejimin tańlap alamız. Bunda 3 rejim boladı: **Live** – brouzerde Web hújjet kórinisi, **Code** – hújjettiń HTML kodın kórsetiw, **Split** – ekran ekige bólinip, yarımında hújjettiń dizaynı, qalǵan yarımında kodı kórsetiledi. Design view rejiminde hújjet WYSIWYG (yaki neni kórip turǵan bolsań sonı alasan) principinde Windows programmalarında hújjet tayarlaǵanday isleymiz. Keyin bolsa sol bettiń HTML kodların Code view rejiminde kórip shıǵıw múmkin. Kerisinshe Web hújjet bastan aq HTML kodları (tegler) járdeminde Code view rejiminde tayarlanıw múmkin. Nátiyjeni bolsa Design view rejiminde qoriwimizge boladı. Úshinshi rejim - eki rejimdi bir waqıtta ekranda kóriw múmkinshiligin beredi.




Property inspektorı tańlanǵan obekttiń (tekst, suwret h.t.b.) sol obektke tán bolǵan qásiyetlerin ózgertiw múmkinshiligin beredi.

Panel gruppasında bir-birine jaqın bolǵan paneller toparları jaylasadı, bul panellerdi jayıp hám jıynap qoyıw múmkin.

Files paneli fayl hám papkalardı basqarıw ushın arnalǵan.

Bul programmanıń menyu bólimleri Windows da isleytuǵın basqa programmalardıń menyu komandalarınan onsha parıq qılmaydı. Programma hújjetlerine tán bolǵan ayrım ózgesheliklerin paydalanıwshı jumıs babında óz betinshe uyrenip alıwı múmkin. Menyu File, Edit, View, Insert, Modify, Text, Commands, Site, Window, Help bólimlerden ibarat bolıp, Help bóliminde olar tuwralı tolıq maǵlıwmat alıw múmkin.




Hújjet aynasınıń joqarı, tómen hám oń jaǵında hár qıylı paneller jaylasqan. Paneldiń joqarısındaǵı kúlreń sızıqshada onıń atı jazıladı. Tómende bunday paneldiń tolıq kórinisi berilgen.




Kópshilik panellerdiń toparları qosımsha menyugede iye boladı. Bul menyu paneldiń joqarǵı oń muyeshindegi túymeshede mısh basılǵanda ashıladı. Onıń kórinisi 3 poziciyadan ibarat bolǵan dizim hám tómenge qarap turgan kishkentay

strelka turde boladı. Bunday qosımsha menyuda siyrek isletiletuģın komandalar jaylasadı.




Kerek emes panelden «qutılıw» ushın onı mısh penen «uslap alıp» dokument aynasınıń sırtına «shıģarıp taslaw» múmkin yaki onıń menyuin ashıp Close Panel Group tańlaymız-da sol paneldi jawıp taslaymız. Kerekli paneldi ekranģa shıģarıw ushın bolsa menyuniń Window bólimine kirip, sol paneldi tańlaymız.

Dreamweaver panelleri hár qıylı wazıypalardı atqaradı hám keń múmkinshiliklerge iye. Bıraq olardıń ishinde tómendegi eki panel eń áxmiyetli bolıp esaplanadı. Bul Insert (suwret2) hám Properties panelleri.

Insert instrumentler panelinde hújjetke qoyılıwı múmkin bolģan xár qıylı obektlerdiń túymesheleri jaylasqan. Olar járdeminde hújjetke suwret, tablica, simvol, qatlam h.t.b. obektler qoyılıwı múmkin. Bul obektlerdiń barlıģı HTML kodları járdeminde jaratılģan bolıp, olardıń atributların ózińiz ózgertiwińiz múmkin. Mısalı, Web betke tablica ornatıw ushın bul paneldegi tablica túymeshesin basıwıńız jetkilikli. Sonıńday-aq, hár qıylı obektlerdi menyuiniń Insert bóliminde hám qoyıwıńız múmkin. Bul panel ekranda kórinbey turģan bolsa, menyuniń Windows punktinde Insert yaki <Ctrl>+<F2> klavishalar kombinaciyasın basıw jolı menen onı shıģarıw múmkin.

Properties — qásiyetler redaktorı, bul instrument AdobeDreamweaver diń eń kerekli instrumenti bolıp, onıń járdeminde Web bettiń elementleri qásiyetleri belgilenedi, parametrleri ornatıladı, basqasha aytqanda, tiyisli HTML-tegin iń atributınıń mánisi beriledi. Bul panel hámme waqıt qol astında bolıw kerek. Esletpe. Bul paneldi bilmey jawıp qoyģan bolsańız, menyuniń Windows bóliminde Properties punktin tańlań yaki <Ctrl>+<F3> klavishalar kombinaciyasın basıń.




Hújjet aynasınıń tómengi bóliminde Status qatarı jaylasqan. Windows dıń basqa programmalarınan AdobeDreamweaver diń ózgesheligi, bul qatar tek ǵana hújjet tuwralı informaciya kórsetip turıw emes, bálki basqada funkciyalardı orınlaydı. Ol úsh sekciyaǵa bólingen. Shep jaǵında tegler sekciyası jaylasqan. Kursordı tekst ústine qoyıp, <r> basılsa, onda <R> tegi ishindegi barlıq tekst yaǵnıy abzac tolıǵı menen ajıratıladı, al <body> basılsa, onda web bet tolıǵı menen ajıratıladı. Demek, bul sekciya járdeminde kerekli tegqa ótiw ańsatlastırıladı. Ortada ayna ólshemin piksellerde kórsetip turıwshı sekciya jaylasadı. Onda mısh basılǵanda, ekranda menyu payda boladı, bul menyuda ekrannıń razresheniesine sáykes ayna ólshemleri dizimi shıǵarıladı. Oń jaǵındaǵı sekciyada siziń jaratqan Web betińizdiń ólshemi hám onı Web-serverden júklew ushın ketetuǵın wáqıt kórsetiledi. Bul sekciya bet ólshemi sekciyası. Bólshektiń alımında bet ólshemi, bóliminde júklew tezligi beriledi.

*Dreamweaver programmasinda web betlerdi jaratıw izbe-izligi.* Bul programmada web bet jaratiw júdá ańsat, ápiwayı tekst processorı járdeminde, mısalı Microsoft Wordta hújjet jaratıw qanday bolsa, sonday. Kerekli tekst teriledi, bezeledi hám tayar bolǵan hújjet fayl turde saqlanadı. Ayırmashılıǵı bul fayl keńeytpesi htm yaki .html boladı hám sol waqıttıń ózinde Web serverde jaylastırılıwı múmkin. Jańa web bet jaratıw ushın File menyuinde New punkti tańlanadı yaki <Ctrl>+<N> klavishalar kombinaciyası basıladı. Ekranda New Document dialog aynası payda boladı.




AdobeDreamweaver programmasında web betlerdi shablonlar járdeminde jaratılıwı hám múmkin. Shablon — bul sonday aldınnan arnap tayarlanǵan hám saqlanǵan web bet, oǵan sizge kerek bolǵan ayırım elementler tayar turde jaylastırılǵan. Siz bunday web betke tiykarǵı tekst qosıp, bezeliwin qalegenińizshe ózgertseńiz, bul bet professionallıq dárejedegi tayar Web betke aylanıwı múmkin.

Category bólimindegi dizimnen (shablonlar kategoriyaları) «bos shablon» yaǵnıy Basic Page punktin hám onıń ishinen HTML tańlap, OK basamız. «Bos» web bet tayar. Oǵan kerekli tekst kirgiziledi. Mısalı,




Híjjet tekstin formatlaw AdobeDreamweaver tekst formatlawdı basqa tekst processorlarında orınlanǵanday etip (HTML tilin bilmey-aq) ámelge asırıw múmkinshiligin beredi. Onıń ushın kerekli tekst ajıratılıp, Properties redaktorında shrift parametrleri beriledi.

Mısal. Teksttiń bir bóleginiń shriftın qalın etiw ushın ol ajıratılıp, tómendegi ámellerdiń birewi orınlanadı: Properties panelinde V tańlaysız, Menyuniń Text bóliminde Style punktin, keyin bolsa Bold tańlaysız, Kontekstli menyu shaqırıladı hám Style- Bold tańlanadı, <Ctrl>+<B> klavishalar kombinaciyası basıladı. Har bir paydalanıwshı bunday ámellerdi orınlawda ózine qólaylısın tańlap alıw xuqıqına iye. Sol jol menen basqa da formatlaw jumısları orınlanıwı múmkin.




Dreamweaver programması giperssılkalardı ápiwayı hám ańsat jol menen jaratıw múmkinshiligin beredi. Onı mısalda kórsetemiz. Eki giperssılka jaratayıq. Birewi «sırtqı» (biziń saytımızdıń sırtındaǵı) híjjetke kórsetiwshi, ekinshisi bul qollanba avtorınıń elektron pochta adresine.

«Ózbekiston Respublikasi Savdo-sanoat palatasi» tekstin ajıratıp alamız hám Properties paneline qaraymız, onda Link bólimi aktivlesip, bizden sayt adresin kiritiwimizdi kútip turadı.

Sol maydanshada http://www.chamber.uz/uz/index adresin kiritkenimizden keyin <Enter> klavishasın basamız. Endi web betti brouzerde kórgenimizde (onıń ushın F12 basıladı) «Ózbekiston Respublikasi Savdo-sanoat palatasi» teksti giperssılka kóriniste boladı, onı basıw menen palata saytına kiremiz.




Internet-adres kiritiw maydanshasınıń oń jağında eki túymeshe jaylasqan. Oń jağındağı túymeshe papka kóriniste bolıp, ol bizge Select File (fayl tańla) dialog aynasın ashıp beredi. Bul aynada biz giperssılka (gipersilteme) bolıp xızmet qılatuğın fayl atların tańlap alıwımız múmkin. Mısalı, biziń saytımiz (papka) bir neshe betten (fayllar) ibarat bolsa, olardı bir-biri menen baylanıstırıw (birewinen birewne silteme beriw) yaki sırttağı basqa bir web hújjet penen baylanıstırıw ushın olardıń Internet-adresi qoldan terilmey usı dialog aynasınan tańlanıwı múmkin.

Jaratqan Web betti saqlaw ushın File menyuinde Save as tańlanadı yaki <Ctrl>+<Shift>+<S> klavishalar kombinaciyası basıladı. Sonnı aytıp qoyıw kerek, Web saytqa tiyisli bolğan barlıq fayllar bir papkanıń ishinde saqlanıwı kerek, bul papka ishki papkalardan ibarat bolıp, olarda tekst, grafika, animaciya h.t.b. bólek saqlanadı. Jumıstı ańlastırıw ushın saqlanğan betti sol papkada bir neshe márte basqa atlar menen saqlawğa boladı. Bular saytımızdıń betleri, olarda birinshi bet dizaynı saqlanadı, tekst bolsa ózgertiliwi múmkin.

*Dreamweaver programmasında web betke suwret qóyıw*. Kursor súwret qoyılatuǵın jerge alıp barıladı. Insert panelinde yaki Insert menyusındaǵı Image punkti tańlanadı yaki <Ctrl>+<Shift>+<!> túymesheler kombinaciyası basıladı.




Nátiyjede ekranda Select Image Source dialog aynası payda boladı.




Aynadaǵı papkalar hám fayllar diziminen kereklisin tańlaymız. Imya fayla qatarında tańlanǵan fayl atı payda boladı (onı bul jerge qoldan tergenińizde de boladı). Tip faylov qatarında bolsa tańlamaqshı bolǵan fayllarımızdıń túrin (keńeytpesin) kórsetiwimiz múmkin.

Bul ámeldiń Windows da isleytuǵın basqa standart programmalardaǵı ámellerden ayırmashılıǵı oń jaǵında aldın ala kóriw paneli jaylasqan. Onı joq qılıw ushın Preview Images da flajok (belgi) alıp taslanadı. Endi OK túymeshesin basıń.

*Dreamweaver programmasinda dinamikaliq obektler jaratiw*. Statikalıq (qatıp qalǵan, ózgermes) siltemeler házirgi waqitta qollanilmaydi, Giperssılkalarıńızdi «janlandiriw» ushın Flash jazıwların yaki túymeshelerin, aktiv

suwretler qoyıwıńız múmkin. Giperssılkalar ushın jetkilikli sanda grafikalıq kórinisler tayarlap qoysańız boldı, qalǵanın AdobeDreamweaverda orinlaw ańsat. Onı mısalda kórsetemiz. Aldın grafikalıq kórinisler toplamın tayarlap qoyamız. Hár bir giperssılkaǵa 4 grafikalıq kórinis kerek boladı:

1. Túymeshe normal xalda turǵanda;
2. Túymeshe ústine kursor aparılǵanda;
3. Túymeshe «basılıp» turǵanda (giperssılka siltep turǵan bet juklengende);
4. Túymeshe «basılǵan» xalda hám onıń ústinde kursor turǵanda

Grafikalıq obektlerdi tayarlap bolǵannan keyin Web-bet parametrlerin beremiz, olar tiykarǵı betten alınadı. Sonı yadta saqlaw kerek, sayttıń barlıq betleri bir-birine sáykes bolıwı kerek. Endi navigaciya qatarın jaratıw ushın kursordı shep freymge qoyıp Common panelindegi Navigation Bar túymeshesin basıń. (Insert menyuiniń Interactive Images bólimindegi Navigation Bar punktin tańlasańız-da boladı). Ekranda Insert Navigation Vag dialog aynası payda boladı.

Nav Bar Elements diziminde navigaciya qatarınıń barlıq elementleri keltirilgen. (Ádep ol jerde tek ǵana bir AdobeDreamweaver jaratıp qoyǵan element bar edi). Siz qalegen elementińizdi tańlap alıp, onı ózgertiwińiz múmkin. Element Name maydanshasında element atın kiritemiz. Faylǵa at qoyǵanda atınan onı tanıp alatuǵın etip qoyıwımız kerek, mısalı Contacts, Library.

Up Image maydanshasında 1-shi jaǵdayda payda bolatuǵın suwret fayl atı beriledi (onı Browse járdeminde beriwińiz hám múmkin). Over Image maydanshasında 2-shi suwret faylınıń atı, Down Image — 3-shi jaǵdaydaǵı suwret faylı, Over While Down Image maydanshasına bolsa 4-shi jaǵdayda payda bolatuǵın suwret faylınıń atı. Hár bir maydanshanıń oń jaǵında Browse túymeshesi jaylasqan hám onıń járdeminde kerekli faylǵa jol kórsetiw hám tańlaw múmkin. When Clicked, Go To URL maydanshasında giperssılka siltep turǵan Web-bet faylınıń atı kiritiledi. Maydanshanıń oń jaǵında jaylasqan in diziminde web bet sáwleniwi kerek bolǵan freym tańlanadı. Bul dizimniń Main Window punkti bul betti tolıq ekranǵa jayıp shıǵaradı.

Insert diziminde navigaciya qatarınıń jaylasıw túri tańlanadı: gorizontal (punkt Horizontally) yaki vertikal (punkt Vertically). Al Use Tables tańlanǵanda AdobeDreamweaver navigaciya qatarın tablicalar tiykarında jaratadı. Endi File menyuindegi Save All Frames komandasın tańlap barlıq freymlerdi saqlań. Demek biz navigaciya qatarın jaratıp, onı freymde jaylastırdıq. Bul qatardaǵı grafikalıq kórinisti ózgertiw ushın yaki jańadan element qosıw ushın bul qatardı (onıń bir elementin) ajıratıp alıp, Modify menyuinde Navigation Bar punktin tańlaymız. Ekranda Modify Navigation Vag dialog aynası payda boladı hám onda siz qalegen ózgerislerińizdi kiritiwińiz múmkin.

*Sayt interaktivligin támiyinlew. Web scenariyler.* Dinamikalıq obektler jaratıwdıń ekinshi jolı — bul HTML-kodqa arnawlı programmalardı kiritiw. Bul programmalar "klassikalıq" programmalastırıw tillerde jazılǵan bolıp, scenariyler, yaki skriptler dep ataladı (angl. script — scenariy), sebebi bul programmalar bir elementtiń háreketlerin yaki belgili bir waqıyanıń júz beriw scenariysin táriypleydi. (Windows –dıń ámeliy programmaları aynasında mısh kursorınıń háreketleri scenariyler járdeminde berilgen: bos maydanda, tablicanıń shegaralarında, piktogrammalardıń ústine aparılǵanda, qatar basında h.t.b.)

Bul programmalar HTML kodqa WWWC (World Wide Web Consortium) tárepinen standart bolıp qabıllanǵan arnawlı jup teg <script>. . .</script> kiritiw jolı menen ámelge asırıladı. Brouzer bunday HTML-kodtı rasshifrovka etip scenariylerdi oqıydı hám olardı tezde orınlaydı yaki bolmasa belgili bir waqıya júz bermegenshe shetke qoyıp turadı. Usınday interaktivlik scenariyleri jaratılǵanlıgı sebepli dunya júzlik tor «janlandı», kópshilik Web-dizaynerler bolsa Web-programmistlerge aylandı. Scenariyler jazıw ushın bir neshe arnawlı programmalar jaratılǵan. Olar scenariyler jazıw tilleri yaki skript tilleri dep ataladı. Olardan eń keń tarqalǵan bolıp tek eki til esaplanadı: JavaScript hám VBScript.

JavaScript tili Java "klassikalıq" programmalastırıw tili tiykarında Netscape firması tárepinen islep shıǵılǵan. Sol sebepli JavaScript scenariylerin eń birinshi bolıp Netscape Navigator 2.0 brouzeri qollap quwatlap baslaǵan. Microsoft Internet Explorer bolsa JavaScript –ti 3.0 versiyasınan baslap quwatlap baslaǵan.

Sonıńday aq, Microsoft firmasında óziniń JavaScript dialekti islep shıǵılǵan. Ol JScript dep atalıp, JavaScript ten ayırmashılıǵı birneshe qosımsha komandaları bolǵan.

VBScript tili Microsoft tárepinen islep shıǵılǵan. Bul tildi tek ǵana Internet Explorer brouzeriniń keyingi versiyaları «túsinedi». Sol sebepli yaǵnıy sáykes kelmegenligi ushın VBScript Webta scenariyler jazıw ushın onsha qollanılmaydı. Biraq bul til serverli programmalastırıwda, atap aytqanda Microsoft ASP aktiv server betlerin jaratıwda eń bas qural bolıp esaplanadı.

JavaScript, VBScript tillerden basqa Web-scenariyler jazıwda Perl, Python h.t.b. tilleri qollanılıp baslaǵan, bıraq keyinshelik bul tiller keń tarqalmaǵan. Bugingi kúnde barlıq jerde web scenariyler JavaScript tilinde jazıladı. Bul til úyreniw ushın jude ańsat bolıp, programmistlerge jude keń múmkinshilikler beredi. Odan tısqarı, bul tilde jazılǵan programmalardıń kólemi az bolıp, xázirgi kúnde eń úlken mashqala bolǵan baylanıs kanallarınıń áste islew jaǵdaylarında jude aktual bolıp tabıladı.

Scenariyler tilin qollap-quwatlaw ushın til interpretatorı kerek boladı. Brouzer bettiń HTML kodınan scenariydi ajıratıp alıp onı orınlaw ushın interpretatorǵa uzatadı. Interpretator scenariy kodın analiz hám rasshifrovka qılıp bolıp, onı orınlaydı, keyin bolsa nátiyjeni qaytadan brouzerge uzatadı.

Hár bir scenariyler tiline óziniń interpretatorı kerek boladı. Bunday jantasıw arqalı brouzerge qalegen programmalastırıw tilde jazılǵan programmanı qollap-kuwatlawdı (ol tildiń interpretatorı bar bolsa) úyretiw múmkin. Scenariyler tilleri interpretaciyalanatuǵın dep ataladı, sebebi olarda jazılǵan programmalar hár bir orınlanıwda rasshifrovka qılınadı. Sonıń menen olar tiykarınan kompilyaciya bolatuǵın tillerden (C++, Pascal, Java h.t.b.) parıq qıladı. Kompilyaciyalanatuǵın tillerde jazılǵan programmalar bir márte rasshifrovka qılınıp, mashina kodına aylantırıladı. Bul kod interpretatorsız tikkeley kompyuter processorı tárepinen orınlanadı.

*Site paneli*. Sayt penen orınlanatuǵın barlıq ámeller site panelinde orınlanadı. Bul panel ekranda kórinbey turǵan bolsa, onı Window menyuiniń Site

bólimi yaki <F8> klavishasın basıw arqalı shıǵarıw múmkin. Sonday-aq Site menyuiniń Site Map bólimin tańlawıńız múmkin. Site paneli tómendegi suwrette kórsetilgen. Bul panel AdobeDreamweaverdiń basqa panellerinen ayrıqsha bolıp, óziniń instrumentlerine iye. Bul instrumentlerdiń basqarıw elementleri járdeminde tez-tezden qollanılatuǵın komandalarǵa, menyu qatarına hám status qatarına jetisiw múmkin. Site paneli tiykarınan fayllar diziminen ibarat. Dáslep sayttıń lokal kopiyasınıń faylları dizimi Windows baslawshısı (Provodnik) aynasındaǵI siyaqli «terek» túrde keltiriledi.




Kerekli fayldı dizimnen tańlaw ushın onı mısh penen shertemiz. Bir neshe fayldı ajıratıp alıw ushın bolsa <Ctrl> klavishası basılıp turǵan xalda bul fayllardıń atları ústinde mısh shertiledi. Barlıq fayllar Site paneliniń Edit menyuindegi Select All komandası yaki <Ctrl>+<A> basılıwı arqalı ajıratıladı. Bul menyunıń Invert Selection (Ajıratılǵanlardıń kerisi) komandası bolsa ajıratılıp turǵan fayllardı ajıratılmaǵan, al ajıratılmaǵan fayllardı ajıratılǵan etedi. Site paneliniń fayllar dizimi eki rejimde islewi múmkin. Birinshi — bul ápiwayı dizim (spisok rejimi), ekinshisi —barlıq betler hám fayllardıń arasındaǵı óz-ara baylanıslardı kórsetiwshi ierarxiyalıq "terek" («terek» rejimi).

Bul rejimlerdiń kereklisin tańlaw Window menyuiniń Site Files hám Site Map bóliminde orınlanadı yaki Site paneliniń View bóliminde. Biraq eń ańsatı – bul <F8> yaki <Alt>+<F8> basıw. Dreamweaverdi sonday qılıp sazlaw múmkin, onda joq qılınǵan kopiya faylları aynanıń oń jaǵında, al lokal kopiya faylları — shep jaǵında shıǵarıladı. Onıń ushın Preferences dialog aynasınıń Site bóliminde payda bolǵan Always Show diziminde Remote Files, keyin bolsa on the bólimdegi dizimnen Left punkti tańlanadı.

Site menyuiniń New Site punkti jańa sayt tuwralı maǵlıwmatlardı kiritiw múmkinshiligin beredi. Bul menyuniń Edit Sites bóliminde dialog aynası payda boladı (tómendegi suwret). Bul jerde siz jańa saytlardı registraciya qılıwıńız (New), saytlar tuwralı maǵlıwmatlardı ózgertiwińiz (Edit), kerek bolmaǵan saytlardı joq qılıwıńız (Remove) múmkin.

*Site paneliniń hújjet aynası menen baylanısı*. Web saytımızdıń betleri tayar bolǵanı menen olar ele bir-biri menen baylanıstırılǵanı joq, bul ele sayt emes, onı tarmaqta járiyalap bolmaydı. Sayttıń betlerin bir-biri menen baylanıstırıw ushın bul betlerde giperssılka – gipersiltemeler shólkemlestiriw kerek. Gipersiltemeler bir neshe jol menen jaratıladı. Biz gipersiltemeni Site paneli járdeminde jaratıwiz múmkin. Dokument aynasında saytımızdıń index.html bas betin ashamiz. Onıń ushın sayttıń lokal kopiyası saqlanatuǵın papkadaǵı fayl atında mıshtı eki ret shertiw jetkilikli. Keliń, birinshi (bas) bette bolimler.html betine silteme bereyik.

Hújjet aynasında «Bólimler» tekstin ajıratıp alamiz, keyin bolsa qásiyetler redaktorındaǵı Link qatarındaǵi gipersiltemeniń internet adressi berilgen boladı. Onıń oń jaǵında eki znachok boladı. Birinshisi papka kóriniste bolıp, onı ashqanda Select File dialog aynası payda boladı. Ekinshi znachoktı bolsa mısh penen uslap Site panelinde jaylasqan kerekli fayl ústine aparıp qoyıw kerek. Biz onı bolimler.html faylınıń ústine qoyamız. Sonda qásiyetler redaktorınıń Link qatarında bul bettiń adresi payda boladı. Bul ámeldi biz basqasha orınlawımız hám múmkin edi, onda sayt aynasında bolimler.html faylın uslap Link qatarına aparıp qoyamız. Endi bolsa siltemeler turǵan betke gipersilteme jaratamız hám basqarma tuwralı maǵlıwmat saqlanıp turǵan betke (about.html) siltemeni durislaymiz.

# JUWMAQLAW

Házirgi waqıtta internet tarmaǵı júdá tez rawajlanıp ondaǵı jaylasqan web saytlar sanı tez ósip barmaqta, bul óz gezeginde Web sayt dizaynın jaratıwshılardıń programmalıq qurallardı tereń úyreniwdi talap etpekte.

Web – hújjetlerin jaratıwdı úyreniw, aralıqtan oqıtıw sistemaların jaratıw búgingi kúnniń aktual máselelerinen dep qarawımız múmkin. Álbette bunday múmkinshiliklerdi jaratıw ushın jetkilikli dárejede web saytlar jaratıwdıń programmalıq múmkinshiliklerdi biliwimiz zárúr. Hár bir paydalanıwshı óziniń web-betlerin jaratıw ushın ózine say bolǵan programmalıq táminleniwlerdi tańlap alıwı zárúr. Sonlıqtanda web sayt dizaynın jaratıwda programmalıq qurallar úlken áhmiyetke iye.

Qaralıp atırǵan pitkeriw qánigelik jumısında web sayt hám onıń dizaynın jaratıwdıń HTML hámde JavaScript programmalıq qurallarınan paydalanıw keltirilgen.

Bul jumısta biz web betlerin jaratıw izbe-izligi, saytlardı jaratıwdaǵı dáslepki túsinikler, proektlestiriw, strukturasın tańlaw, dizaynın jaratıwda paydalanılatuǵın programamlıq qurallar, internetke jaylastırıw, HTML tili, JavaScript programmalastırıw tili, sonday – aq vizual Adobe Dreamweaver HTML redaktorı haqqında kónlikpege iye boldıq. Kóplegen Web - sayt islep shıǵarıwshıları Adobe Dreamweaver eń qolaylı HTML redaktorı dep esaplaydı, sebebi bul redaktor Web – hújjetler jaratıwdı jańa baslap atırǵan Web – dizaynerlerge de, tájiriybeli programmistlerge de qolaylı bolıp tabıladı.

Usı bakalavr pitkeriw qánigelik jumıstı orınlaw nátiyjesinde men sayt dizaynın jaratıwdıń programmalıq qurallarıń keńirek paydalanıw menen tanıstım. Web sayt dizaynın jaratıwdıń programmalıq qurallarınan paydalana otırıp «Sawda sanaat palatası» web saytın islep shıǵıldı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar